



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 75 MILYON DOLA SIBVANSYON POU DEVLOPE NOUVO SANT ESTABILIZASYON POU KRIZ ENTANSIF YO

Etablisman yo bay asistans imedyat pou moun ki nan kriz yo, ede evite vizit nan sal ijans yo ak nivo swen ki pi elve

Gouvènè Kathy Hochul te anonse alokasyon plis pase 75 milyon dola pou kreye nèf nouvo Sant Estabilizasyon Kriz atravè Eta a k ap ede tout adilt, timoun, oswa adolesan ki gen yon kriz sante konpòtmantal. Sant yo ap bay, evalyasyon, swen ak tretman nan yon anviwònman ki san danje epi ki akeyan, 24 è sou venn kat, sèt jou sou sèt.

"Administrasyon mwen an ap devlope yon sistèm repons pou kriz solid epi konplè k ap bay asistans imedyat a moun ki bezwen swen ijan pou yon kriz sante konpòtmantal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant Estabilizasyon pou Kriz sa yo ap bay swen sou plas tout jounen an chak jou, epi pèmèt moun yo fè fas ak yon kriz emosyonèl nan yon kote ki san danje epi ki akeyan."

"Deplizanpli, n ap obsève chif pwoblèm konpòtmantal k ap ogmante pami timoun ak jèn adilt yo ke, lè yo trete nan fason ki apwopriye, ka souvan vin jerab pou moun nan," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nouvo sant estabilizasyon kriz entansif yo ap bay moun ki gen kriz sante konpòtmantal yo yon kote ki apwopriye pou resevwa tretman olye yo pran twòp kabann lopital ki nesèsè."

Sant yo, k ap devlope dapre otorite Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) ak Biwo Sèvis Adiksyon ak Sipò a (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) ap ede tout moun ki gen yon kriz sante mantal grav oswa toksikomani. Tretman ijan ak imedya ap ede moun k ap fè fas ak kriz yo epi detounen yo de nivo swen ki pi wo ak vizit nan sal ijans ki pa nesèsè. Sant yo ap bay sèvis sipò kamarad ak sipò ki oryante pou rekiperyasyon, anplis sèvis rekòmandasyon ak swivi pou asire ke moun yo kontinye resevwa sipò yo bezwen an.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo te pèmèt OMH ranfòse rezo sekirite sante mantal New York la. Bidjè egzekitif ak inisyativ li te mete anplas yo ap bay resous ki nesèsè pou trete moun ak fanmi ki nan kriz yo rapidman ak efikasman. Sant Estabilizasyon Kriz yo, ansanm ak nouvo ekip kriz mobil yo, pwogram rezidansyèl pou

kriz yo, ak lòt sèvis kominotè yo ap sipòte epi ranfòse kapasite nou pou reponn a moun k ap eksperimente kriz sante konpòtmantal yo."

Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare, "Moun k ap eksperimente yon kriz sante mantal oswa toksikomani bezwen konekte ak èd nan fason ki pi rapid ke posib, nan fason ki pi bon ki fonksyone pou yo. Souvan, yo bezwen koneksyon ak sèvis ki pa nan lè biznis nòmal. Sant estabilizasyon pou kriz entansif sa yo ap ranfòse pi blis efò kontini nou pou konekte moun ki nan kriz yo ak sèvis yo nenpòt lè lajounen oswa lannwit, epi sipòte vizyon nou pou pote èd touswit bay moun nan tout rejyon Eta New York yo."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Twòp Nouyòkè ap souffri an silans de pwoblèm sante mantal epi yo merite yon kote pou resevwa swen espesyalize yo bezwen an. Se poutèt sa mwen te goumen tèlman di pou asire ke bòdwo soulajman COVID federal la genyen ladan l'ogmantasyon istorik pou resous sante mantal yo. Kounye a, gras ak investisman federal sa, rejyon atravè New York yo ap gen aksè ak 9 nouvo Sant Estabilizasyon kont Kriz Entansif pou konbat kriz sante mantal la ak flewo opyoyid nan premye liy nan kominote ki pi bezwen li yo."

Senatè Eta a, Pete Harckham, Prezidan Komite sou Alkolis ak Toksikomani Sena a, te deklare, "Sèl fason pou asiste epi ede rezidan ki gen pwoblèm twoup sante konpòtmantal grav ak toksikomani se pou gen resous apwopriye ki disponib lè yo bezwen. Lè nou ouvri nèt nouvo sant estabilizasyon kominotè kont kriz nan tout eta a se yon investisman ki tèlman nesèsè nan diminisyon risk kriz, espesyalman nan moman estresan yo. Mwen vrèman remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Lejislati Eta a pou sipò solid yo pou inisyativ sa."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen te konsantre pou transfòme repons kont kriz sante mantal ak toksikomani nan Eta New York. Ak investisman jodi a nan devlopman sant estabilizasyon kont kriz entansif nan kominote nou yo, New York ap demontre pi plis angajman li pou chanjman ki pote transfòmasyon pou sila yo ki nan bezwen èd ka jwenn swen ki gen konpasyon, ki enfòmè sou plan medikal, ak trètman avanse. Mwen pa ka tann pou akeyi nouvo sant estabilizasyon kominotè kont kriz entansif nan Unity Hospital nan Rochester, ak pou apiye pwogrè sa ak adopsyon Lwa Daniel la—yon pyès enpòtan ki manke nan refòm kriz sante mantal sistemik lan."

Finansman pou Sant yo genyen ladan yo 15 milyon dola pou depans demaraj ke yo bay atavè Sibvansyon Blòk Siplemanntè Federal pou Sèvis Sante Mantal Kominotè. OMH ak OASAS ap soti yon dezyèm Apèl Dòf pou kreye twa Sant Entèvansyon kont Kriz siplemanntè, de nan Vil New York ak youn nan Rejyon Kapital la. Premye faz benefisyè pa rejyon yo enkli:

New York City

PROMESA; 1776 Clay Ave, Bronx, NY

Long Island

Central Nassau Guidance and Counseling Services; 950 Oyster Bay Rd., Hicksville, NY

Mid-Hudson

Samaritan Daytop Village; 950 Route 45, Pomona, NY

Finger Lakes

Unity Hospital; 89 Genesee Street Rochester, NY

Western NY

BestSelf Behavioral Health; 430 Niagara Street Buffalo, NY

Southern Tier

CASA - Trinity; Church and Judson Street Elmira, NY

Central NY

Helio Health; 329 North Salina St., Syracuse, NY

North Country

Champlain Valley Family Center for Drug Treatment and Youth Services; 14 Dormitory Drive, Plattsburgh, NY

Mohawk Valley

Neighborhood Center; 344 South Washington St., Herkimer, NY

Byenke Sant yo ap sètifye konjwentman pa OMH ak OASAS, y ap devlope nan kolaborasyon ak kominote y ap sèvi yo, ki enkli Direktè Ijyèn Mantal Lokal yo, lekòl, founisè swen sante kominotè yo, ajans fòs lòd ak lòt pati kominotè ki enterese yo pou bay yon swen kontini konplè ak sèvis kontini ak swivi yo.

Sant yo ap yon pati enpòtan nan sistèm repons kont kriz konplè Eta New York la, ki disponib pou tout Nouyòkè, kèlkeswa kote yo rete oswa kapasite pou peye yo. Anplis Sant Estabilizasyon kont Kriz Entansif yo, OMH ak OASAS ap devlope tou Sant Sipò Estabilizasyon kont Kriz yo, k ap bay sèvis pou moun k ap eksperimante pwoblèm nan lavi kotidyen yo ki ka vin pi mal san sipò sou plas. De ajans yo te soti resaman yon [Apèl Dòf pou devlope 12 nouvo Sant Estabilizasyon kont Kriz](#) atravè Eta New York.

Gouvènè a te alwe tou 95 milyon dola nan finansman sou de zan (35 milyon dola nan ane fiskal 2022-23 ak 60 milyon dola nan ane fiskal 2023-24) pou mete anplas Liy pou Kriz 988 nan Eta New York. Moun ki gen kriz konpòtmantal ka rele oswa tèks 988 Lifeline (oswa itilize fonksyon chat la sou sitwèb 988lifeline.org) pou konekte ak yon konseye ki fòme ki ka abòde bezwen imedya yo epi ede konekte yo ak swen kontini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418